



Rele pou plis enfòmasyon

Li enpòtan pou w rele biwo Asistans Medikal Eta ou a (Medicaid) oswa depoze yon demann si ou panse ou ka kalifye pou epay menm si revni ou oswa resous ou yo pi wo pase sa ki nan livrè a. Vizite [Medicare.gov/talk-to-someone](https://www.medicare.gov/talk-to-someone), seleksyone eta ou a, answit seleksyone “Other insurance programs,” (Lòt Pwogram Asirans) pou w ka jwenn nimewo telefòn biwo Medicaid eta ou a. Ou ka rele 1-800-Medicare (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ka rele 1-877-486-2048.

Sèl fason pou w konnen si ou kalifye se aplike

Rele biwo Asistans Medikal Eta ou a (Medicaid) pou w konnen si ou kalifye.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Vizite [Medicare.gov](https://www.medicare.gov) pou w wè oswa enprime piblikasyon Medicare yo pou w jwenn nimewo telefòn ak sit entènèt ki itil.
- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande pou w jwenn èd pou peye prim Medicare ou yo. Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.
- Rele biwo Asistans Medikal Eta ou a (Medicaid). Pou w jwenn nimewo telefòn yo, vizite [Medicare.gov/talk-to-someone](https://www.medicare.gov/talk-to-someone), seleksyone eta ou a answit seleksyone “Other insurance programs,” (Lòt Pwogram Asirans) oswa rele 1-800-MEDICARE.

Ou gen dwa pou w jwenn enfòmasyon Medicare nan yon fòma aksesib, tankou enpresyon sou gwo fòma, sou fòm bray oswa odyo. Ou gen dwa tou pou w depoze yon plent si ou santi ou te viktim diskriminasyon. Ale sou [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w ka jwenn plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a te pwodwi gras ak taks kontribyab ameriken yo.

Jwenn èd pou Depans Medicare ou yo



K Ò M A N S E



Pwogram ki ka ede w ekonomize lajan



Pwogram eta yo ka pèmèt ou ekonomize lajan

ANN KÒMANSE

Ou ka jwenn èd nan men eta ou a pou w peye prim Medicare yo. Nan kèk ka, Pwogram Epay Medicare la ka peye Pati A Medicare la (Asirans pou Etène) ak Pati B Medicare la (Asirans Medikal) dediktib yo, Ko-asirans ak Kopèman yo si ou ranpli kèk kondisyon.

Gen 4 kalite Pwogram Epay Medicare:

1. Benefisyè Medicare ki Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB)
2. Benefisyè Espesifik Medicare ak Fèb Revni (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB)
3. Individi Kalifye (Qualifying Individual, QI)
4. Moun ki Andikape epi ki Aktif ki Kalifye (Qualified Disabled & Working Individuals, QDWI)

Si ou kalifye pou pwogram QMB, SLMB oswa QI ou kalifye otomatikman pou w jwenn Èd Anplis pou w peye medikaman Medicare yo.

3 kesyon enpòtan

Si ou reponn "wi" ak tout kesyon sa yo, vizite Medicare.gov oswa rele biwo Asistan Medikal Eta ou a (Medicaid) pou w wè si ou kalifye pou yon Pwogram Epay Medicare nan eta ou a:

1. **Èske ou genyen oswa ou elijib pou Pati A a?** Si ou pa sèten, gade nan Kat Medicare wouj, blan ak ble ou a oswa rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Itilizatè TTY yo ka rele nan 1-800-325-0778.
2. **Èske revni ou pou 2022 a nan oswa pi ba limit revni ki afiche anba a?** Enfòmasyon ki nan tablo a disponib sou [medicare.gov/basics/costs/help](https://www.medicare.gov/basics/costs/help).

Remak: Limit revni ak resous yo nan tablo sa ka chanje an 2023.

Pwogram Epay Medicare	Limit revni pa mwa endividyèl*	Limit revni pa mwa pou koup marye*	Ap ede peye
QMB	\$1,153	\$1,546	Prim Pati A ak B ak lòt depans (tankou dediktib, Ko-asirans ak kopèman)
SLMB	\$1,379	\$1,851	Prim Pati B sèlman
QI	\$1,549	\$2,080	Prim Pati B sèlman
QDWI	\$4,615	\$6,189	Prim Pati A sèlman

3. **Èske ou gen resous ki limite pi ba pase limit ki anlè a?** Limit Resous 2022 pou pwogram QMB, SLMB, ak QI a se \$8,400 pou yon moun ak \$12,600 pou yon koup marye. Limit resous pou pwogram QDWI a se \$4,615 pou yon moun oswa \$6,189 pou yon koup marye. Resous ki kontab yo gen ladan yo lajan ki nan yon kont kouran oswa yon kont epay, yo gen ladan tou aksyon ak obligasyon. Lè ou konte resous ou yo, pa mete kay ou, machin, tonb, jiska \$1,500 pou frè antèman si ou mete kòb sa yon kote, mèb, aktik menaje ak pèsònèl.

* Si w gen revni ak resous ki limite, ou ka kalifye pou avantaj sa yo menm si revni ou pi wo pase limit yo. Anpil eta kalkile revni ak resous yo diferan kidonk ou ka kalifye nan eta ou a menm si ou panse ou depase limit yo Limit yo lejèman pi wo an Alaska Ak Hawaii. Gen kèk eta ki gen nivo resous ki pi wo oswa genyen ki pa konte resous yo. Tcheke sa nan eta ou a pou w ka gen plis enfòmasyon.

1 - 8 0 0 - M E D I C A R E

M e d i c a r e . g o v